Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 2 (7506)
13 январь
Хамиз
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Печаталъул Къогун!

ХIурматиял халкъияб информациялъул хIалтIухъаби!

Райадминистрациялъул хIалтIухъабазул, Халкъияб Собраниялъул депутатазул, ЖамгIияб Палатаялъул ва дирго рахъалдасан ракI-ракIалъ баркула нужеда Россиялъул печаталъул Къо- нужер профессионалияб праздник!

Гьеб байрамалъ цолъизарула киналго гIуцIару-хъанлъиялъулаб хIалтIул гIадамал, гьезие рагьула кинабго информациялъулаб гIатIилъи, кьола гIамал-хасияталъулал ориентирал, лъугьинабула гIаммаб битIараб пикро.

Нужеца арал лъугьа-бахъинал рихьизарулеб куцалда бараб букIуна нижер хIалтIи гIадамаз къабул гьабулеб куцги, нужехъ буго хIалтIи цебе бачиналъул ва районалъул къадру борхизабиялъул цебехъанаб роль.

РакI-ракIалъ баркала загьир гьабизе бокьун буго киналго «Цогояб информационнияб хъулухъалъул муниципалияб гун бюджетнияб учреждениялъул», районалъул «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъабазе. Нужер цIодораб хIалтIул кумекалдалъун рес буго районалда лъугьунел лъикIалгун квешал хиса-басиязул халкъалда лъазе.

Нужер ракI-ракIалъулаб, жигараб гIумроялъул позициялъул, лъугьунелде бугеб битIараб балагьиялъул, захIматаб ва пайдаяб хIалтIухъ бетIер къулула, нужее. ХIурмат гьабула нужер печаталда хIалтIулаго араб гIемерсаназул хIалтIухъ, цIияб гIелалда гIумро бичIчIизабиялъулъ лъураб бутIаялъухъ ва хIалбихьиялъухъ.

Биччанте нужер махщалилаб ишалъ хадубккунги гIадамазе гьира-цIаялъулаб ахIвал-хIал гIуцIизе, гьелъ битIараб гIумроялде халкъ тIобитIизе.

Сахлъи, талихI-рохел, нужее ва гIагаразе!

**ХIурматгун «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НУРМУХIАМАДОВ.**

## Аппаратальулаб данделъи



I0 январалда районалъул администрациялда букIана аппараталъулаб данделъи. Гьеб нухда бачана муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. Гьес данделъиялъул байбихьудаго киналго хIалтIухъабазе гьарана гьаб соналда хIалтIулъ лъикIал хIасилал, бихьизабуна 2022 соналда районалъул киналго бутIабазда хIалтIул рахъи букIине кколин, район цебе бачиналъе кинабго гьабизе кколин. «Дие бокьун буго гьаб соналда нужер щивасул хIалтIул хIасил кьолел планал рукIине, хIалтIул качество лъикIлъиялъе щивас бутIа лъезе ва район цебетIеялъе ресал ралагьизе»,-ян бихьизабуна бетIерас.

ДандчIваялда бицана цо-цо кIвар бугел суалазул: лъай кьеялъул, эпидемиялъул бугеб хIалалъул, жагьаллъарал рукъзабазул ва цогидалъулги.

БетIерас гьезда хурхарал суалал тIураялъе жавабизе тIадкъаялги кьуна.

Данделъи

## Ралел бакIазул суалгун



Сон районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас тIобитIана «УСЕЗ и ЖКХ» МБУялъул хIалтIухъабазул данделъи. Гьенив гIахьаллъана гьел организациязул хIалтIул жаваб кьолев, бетIерасул зам. Хъ-М. ГIабдухаликъовги.

Данделъиялда гьоркьоб лъураб аслияб суал букIана районалда ралел бакIазул хIалтIул иналъул. 202I соналда гьеб рахъалъ гьабураб хIалтIул ва 2022 соналда цере чIарал масъалабазул бицана Хъ-М. ГIабдулхаликъовас. Гьедин араб соналда проектниябгун сметнияб документацияги гьабун районалда хIалтIулеб буго 32 объект, гьездасан I0 гьабун лъугIун буго. 2022 соналда гьабизе хIисабалде босун буго жеги I0 объект.

РакIалде щвезабизин; социалияб кIваралъул, ай гIадамазул гIумро гьабиялъул качество лъикIлъизабиялъе рихьизарурал объектал ралел руго районалъул росабалъ. Гьедин Унсоколо араб соналда 7 объекталда хIалтIи гьабизе байбихьана, гьанжеялде 4 объект лъугIунги буго. БачIунеб соналда рагIалде бахъинабизе буго Унсоколо росулъе бахъулеб лъел суалги, гьединго бан буго I20 лъимералъе бакI бугеб лъималазул ах. Шамильхъалаялда 2022 соналде гIарац биччазе буго гьадинал объектазе; масала, лъел сетазул реконструкция гьаби, газопровод гьаби, 300 лъимадуе бакI бугеб модульнияб лъималазул ах бай. Кинабниги поселокалда байбихьи лъун буго 7 объекталъе.

Генуб гьабун рагIалде бахъун буго гьабсагIаталда экспертизалда бугеб I объект. Рихьуни 3 объекталдасан лъугIун буго 2. ГьаракIуни гьабун рагIалде бахъана школалде эхедероялъ бахъулеб нух, гьединго 2022 соналда гьениб базе байбихьизе буго цIияб школа. Майданскиялдасан 2 объект кIвана РДялъул транспорталъул Министерствоялдасан переченалде гьоркьобе босизабизе. Гьабулеб буго лъим бахъиялъе документация. Балахьуни росулъ хIисабалде босун буго парковияб зона гьабизе, гьединго унеб буго 320 лъимадуе бакI бугеб школа бан рагIалде бахъинабиялъе гьарулел хIалтIаби. ХъахIабросулъ гьабун рагIалде бахъана футболалъул поле, унеб буго гьениб I20 цIалдохъанасе бакI бугеб школа баялъе документация хIадури. МокIсохъ хIисабалде босун буго 2 объект базе, гьел ккола школалъе пищеблок ва ФАП. ХарачIи росулъ рагIалде бахъана лъел рогIрал рачин, унеб буго Унсоколоса МокIсохъе нух бахъиялъул хIалтIиги, ГIашилтIа росулъ хIисабалде босун буго парковияб зона гьабизе. I60 цIалдохъанасе бакI бугеб школа баялъе хIалтIабиги гьарулел руго.

## ОВИР рагьизе буго

I0 январалда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас хал гьабуна районазда гьоркьосеб визабазул ва хъвай-хъвагIаязул (ОВИР) минаялъе гьабулеб ремонталъулал хIалтIаби унел ругеб куцалъул. БетIергун цадахъ хал гьабиялда гIахьаллъана «УСЗН и ЖКХялъул» нухмалъулев А. ГIабдулхаликъов, меценат М. ГIабдурахIманов ва цогидалги.

Нилъер районалда гьабсагIаталда ОВИР рагьиялъе жигараб хIалтIи унеб буго. Гьеб рагьизе хIисабалде босун буго гьаб соналъул тIоцебесеб кварталалда. ГьабсагIаталда минаялда унел руго жанисел отделочниял хIалтIаби. Гьеб рагьиялъе жигараб кумек гьабулеб буго Россиялъул районалда бугеб ОМВДялъ.

Унсоколо районалда рагьараб ОВИРалъул отдел букIине буго къокъаб заманалда нилъер гIадамазе загранпаспортал гьарулеб бакIлъун, тIуразаризе руго цогидалги захIмалъаби.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 2
Хамиз
13 январь   2022 сон



## МРОТ борхизабизе буго

2022 соналъул I январалдаса 6,4 проценталъ, I36I7 гъурущалде бахинегIан борхулеб буго хъулухъчагIазе щолеб бищунго гIодобегIанаб харжалъул къадар (МРОТ). Гьаб соналъул I январалдасан улкаялда букIана МРОТ I2792 гъурущ моцIие щолеб куц. Гьедин, гьанжесеб борхулеб буго 825 гъурущалъ. Гьедин гьабиялъ 2,7 млн. хIалтIухъанасе цIикIкIине буго тIаде бачIунеб гIарац.

Печаталъул Къо

# Редакторасул ракIалдещвеял

I976 соналъул апрелалъул I6 къоялъ дун ахIана КПССалъул райкомалъул тIоцевесев секретарь М. Гь. Гьиматовас жиндирго кабинеталъуве ва гьений ятана райкомалъул идеологиялъул отделалъул секретарь ГI. М. Загьидоваги. Дун гьеб заманалда хIалтIулев вукIана КПССалъул райкомалъул идеологияб отделалъул заведующиясул замлъун. Дида цебе райкомалъул секретарас лъуна, дун киданиги тIад ургъичIеб, амма районалъе цIикIкIараб кIвар бугеб суал. -Нижер пикру ккана мун районалъул «Ахихъан» газеталъул редакторлъун витIизе,-абун. Дида гьениб абизе рагIи батичIо, кIалдиб лъим босарав гIадин чIун хутIана. Дица гьезда абуна гьеб иш дихъа лъугьунаро ва дун дирго хIалтIуда те,-ян. Гьез (райкомалъул секретараз) дие ургъизе къо кьуна. Гьеб суал дица рокъосезда дандбана ва нахъисеб къоялъго дун ана М. Гьиматовасухъе, гьесда гьарана дун вугеб хIалтIуда те,-ян ва дихъа редакторасул хъулухъ гьабун бажаруларин бич1ч1изабуна. -Мун коммунист, партиялъ витIараб бакIалде ине ккола, хIадурлъи гьабе КПССалъул обкомалде ине,-ян абуна гьес. КПССалъул обкомалъул пропагандаялъулгун агитациялъул отделалъул инструкторасдаса байбихьун идеологиялъул секретарасде щвезегIан тIобитIана диргун гара-чIвари. Цинги чанго къоялдасан дун ахIана КПССалъул обкомалъул бюроялде, гьенив тасдикъ гьавуна Унсоколо районалъул «Ахихъан» газеталъул редакторлъун ва I976 соналъул 3 маялда  байбихьана дир захIматаб ва цIикIкIараб жавабчилъиялъул хIалтIуде.  Дир букIинчIо кинаб букIаниги хIалбихьи, кин газета гьабулебали дида лъалароан. ТIоцебе хIажат букIана хIалтIул гIуцIи лъазабизе ва сунде кIвар кьезе кколебали. Гьеб мурадалда дун ана Хунзахъ районалъул «Росдал захIматчи» газеталъул редакциялде. Гьеб заманалда редакторлъун хIалтIулев вукIарав, жиндир гIемер саназул хIалбихьи  бугев, лъикIав журналист Камалудин ГIабдуразакъовасухъе щвана. Гьес мухIканго бицана ва бихьизабуна редакциялъул хIалтIул къагIида. Гьесул малъиги гIадахъ босун байбихьана дица дирго хIалтIи гIуцIизе.

Редакциялде дун хIалтIизе вачIараб мехалда газеталъе макъалаби рищулел рукIана кверalъ. Гьеб заманалда наборщицабилъун хIалтIулел рукIана Меседо ИсмагIилова, ПатIимат ХIамзатова ва ГIайшат Шахбанова, гьей йик1ана верстальщицалъун. Дица дидаго цебе суал лъуна кверзул захIмат техникаялдалъун хисизе. Гьеб суал дандбана Госкомиздательствалъул начальникасулгун ва гьес дир пикруялъул рахъ ккуна. Амма захIматаб суал букIана гьеб  районалда специалисталгьечIолъиялъ. ХIажат букIана кадраби хIадур гьаризе, линотипалда хIалтIизе спецалистал хIадуризе кколаан. Гьеб мурадалда райцентралдаса тIаса рищана кIиго гIолохъанчи – МуртазагIалиев АхIмад ва Г1абдулаев Мух1амадх1ажи. Гьел ритIана МахIачхъалаялде 3 моцIалъул курсазде. Хадув вач1ана гьеб ишалде Гъази Казачиевги. Гьабсаг1аталдаги  Гъази хIалтIулев вуго ва гьес газеталъе макъалаби рищула компютералда. Коллектив рази буго гьесул хIалтIудаса. Гьел цIалун лъугIарабго Госкомиздательствалъ кьуна линотип ва газеталъе макъалаби рищана гьелда ва гьелъул хIасилалда кIиго, хIарпал рищулел эркенлъана захIматаб хIалтIудаса. Гьезие гьенибго данде кколел хIалтIабиги кьуна.



Газеталъул гьумер хисана лъикIаб рахъалде. ХIалтIухъабаз байбихьана цIикIкIун кIвар кьезе критикиял макъалаби гьелъул гьурмазда рахъиялде. Амма гьезул кколеб хIасил къадараб букIана. Гьебги хIисабалде босун редакциялъул предложениялда рекъон КПССалъул райкома-лъул агитациялъулгун пропагандаялъул отделалда цебе гIуцIана газеталда рахъарал ва радиоялъ кьурал критикиял макъалабазда тIад хIалтIи гьабулеб общественнияб совет. Гьеб советалъул данделъиялдеги ахIун, критика гьабураб отделалъул, организациялъул, магIишатазул нухмалъулезда лъазабулаан  газеталда рихьизарурал критикиял макъалабазда тIад гьабураб хIалтIул хIакъалъулъ редакциялде лъазабизе ккеялъул хIакъалъулъ. Гьелъул хIасилалда кьучIдасанго хисана критикиял макъалабазул хIасил ккей. Гьелъие нугIлъи гьабулеб цо мисал рехсаниги гIела. Редакциялде бачIана «Унсоколо» совхозалъул ГIашилтIа отделениялда пуланав чиясе цIикIкIун пенсия бахъиялъе гIоло, гьес гьабичIеб цIикIкIараб хIалтIи тIад хъвалеб бугилан. Гьеб хIужаялъул хал гьабизе чанго нухалъ щвана ГIашилтIе. ХIужаби хIакъикъиял ратана. Гьелъул кьучIалда газеталда бахъана «ПатахIил хIалтIиги, хIалтIухъ щвараб мухьги»,-абураб фельетон ва гьелъул хIасилалда гьесие бахъичIо кколелдаса цIикIкIун пенсия.

Районалъул газеталъул редакция хIалтIулаан КПССалъул райкомалъул нухмалъиялда гъоркь, гьелъул орган хIисабалда. Цо-цо магIишатазе гьарурал критикиял макъалабазе гIоло редактор гIемер ахIулаан райкомалде. Гьеб рахъалъ хIакъикъиял гIунгутIаби рукIаниги М. Горькил цIаралда бугеб колхозалъе критика гьабизе бегьулароан. Колхоз кинабго рахъалъ цебесеб кьерда букIунаан. ХIакъикъаталда иш гьедин букIинчIеблъи редакциялда лъалаан. Масала, гьеб колхозалдаса МухIамадова Айиза районалда рикIкIунаан щибаб гIакдадаса бечIчIулеб рахь цIикIкIун бечIчIулей дояркалъун. Колхозалъул хIисабалда рекъон гьелъухъ букIана I2 гIака, хIакъикъаталдайин абуни I5 ва гьелъул хIасилалда рахьги цIикIкIун букIунаан. Гьелъ рахь цIикIкIун бечIчIиялъе хIакъикъияб гIилла бихьизабун макъала газеталда бахъана ва гьелъие гIоло дун КПССалъул райкомалъул бюроялде ахIана. Гьебго колхозалъул гъутаналъул ракьалда рекьарал овощал хвезе тун ругилан критика гьабун макъала газеталда бахъана ва гьелъухъ дие бадибчIвай гьабуна, гьединал макъалаби газеталда рахъуге,-ян лъазабуна. Гьел саназда нижер гIадаб кIиго полоска бугеб газеталъул редакциялъе захIматаб суаллъун букIана кIиго батIияб кьер бугеб щакъиялъ газета къватIибе биччазе. КигIан захIматаб иш букIаниги, праздниказде, КПССалъул райко-малъул конференциязде нижеца хIалбихьана кIиго кьeралда газета кьабизе. Гьединал газетал гьарулаго рогьинегIан хIалтIуда хутIарал сардалги рукIунаан.

ЗахIматаб ва жавабчилъи цIикIкIараб хIалтIи бу-кIаниги редакциялъул хIалтIи букIана интересаб, жавабчилъи цIикIкIараб, къадру ва къимат бугеб. Гьедин батилаха дунги гьеб ишалда хутIана I0 соналъ. Гьелдаса хадуб чорхол сахлъиялъул иш лъикI букIинчIого, хъван гIарзагун дун хIалтIудаса нахъе ана. Гьеб заманалда республикаялъул «ХIакъикъат» газеталъул редактор ХI. ГIариповас дида абуна: «Мун гIадав вихьичIо, кьун гIарзагун редакторлъиялдаса нахъе унев чи»,-абун. Гьесда дир чорхол хIал лъалеб букIун батилароха. РукIана хIалтIулъ гIемерал лъикIал рахъалги ва гIунгутIабиги. Гьел киналго цохIо редакторасда рарал рукIунаро. Аслияб къагIидаялда газета гьабулел чагIи мухбирзаби ва редакциялъул коллектив ккола. Гьезда бараб букIуна редакциялъул тIолабго хIалтIиги.

**МухIамад  МУХIАМАДОВ.**
**Унсоколо районалъул «Ахихъан» газеталъул I976-I987 саназда  редактор**

### Инсул хIакъалъулъ ракIалдещвей

# Дагъистаналда типографиял гIуцIаразул цояв

**Унсоколо районалда районалъул газеталъул редакция гIуцIана I937 соналъул декабрь моцIалда. Гьеб заманалда рукIинчIо гьелъие кадраби, ругел специалистал районаздаса КПССалъул обкомалъул тIалабалда  рекъон ритIулаан кадраби гьечIел районазде х1алт1и г1уц1изе. Гьедин нилъер районалде газета къватIибе биччазе типография гIуцIизе витIун вачIана Гъуниб  районалъул КIкIуяда росулъа ХIасанов Мухтар.  Гьесул захIматалъул нухалъул бице,-ян нижеца гьарана Мухтарил яс Хадижат ХIасановалда.**

Дир эмен ХIасанов Мухтарица редакциялъул хIалтIи байбихьана Гъуниб районалъул «ЦIияб Гъуниб» газеталдасан. I923 соналда Гъуниб районалъул газеталъул типографиялда гьесда малъун буго типографиялъул хIалтIи. Газеталъе материал балагьизе ва газета кьабизе.

**(Ахир 4 гьумералда)**

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 2
Хамиз
13 январь 2022 сон

3 гъумер

**Садовод**

Страница в номере



# Итоги 2021 года

Вот и подошел к концу еще один год. Для кого-то он был тяжелым. Для кого-то, возможно, счастливым. Каждый из нас запомнит его по-своему. Мы искренне, от всей души, желаем каждому из вас встретить Новый год в добром здравии, счастье и радости!

В конце уходящего года принято подводить итоги проделанной работы. Небольшой дайджест событий 2021 года подготовили и мы.

В 2021 году было проделано очень много работы по линии АТК, образования, здравоохранения, экономики, строительства новых объектов и многое другое.

В этом посте мы расскажем вам о строительстве и разработке новых объектов, которые улучшили жизнь наших граждан и подарили людям возможность жить в более качественных условиях.

Итак, в уходящем году:

Благоустроена парковая зона в селении Унцукуль в рамках проекта «Формирование комфортной городской среды».

Началась корректировка проекта подводящего водопровода в селении Унцукуль.

Проведен капитальный ремонт автодороги в рамках проекта «Мой Дагестан – Мои Дороги» в Унцукуле.

В рамках ускоренной реализации программы переселения граждан из аварийного жилого фонда Унцукульского района в 2021 году заключены соглашения с собственниками жилых помещений, попавших под категорию граждан из аварийного жилищного фонда в с. Унцукуль.

Проведен капитальный ремонт автодороги от Унцукульской ЦРБ до развилки в с. Унцукуль.

Разработана проектно-сметная документация для реконструкции водопроводных сетей в поселке Шамилькала и проходит Госэкспертизу.

Также разработана проектно-сметная документация по насосной станции в поселке Шамилькала, получено положительное заключение Госэкспертизы, материал направлен в правительство РД.

Разработана проектно-сметная документация межпоселкового газопровода к поселку Шамилькала с ответвлением к селению Ирганай.

Разработана проектно-сметная документация для строительства нового модульного детского сада на 300 мест в поселке Шамилькала.

Разработана проектно-сметная документация для строительства школы на 800 учебных мест в Шамилькале.

Ограждена зона санитарной охраны резервуара в п. Шамилькала.

Разработана проектно-сметная документация на строительство водопровода в селении Гимры.

Благоустроена парковая зона в селении Гимры

Построено современное оснащенное футбольное поле в Ирганай.

Начаты ремонтные работы в здании Ирганайской СОШ в рамках республиканского приоритетного проекта «100 школ».

Выполнены работы по внутренней разводке водопроводной сети в с. Ирганай.

Осуществлен капитальный ремонт подъездной автодороги к школе в с. Аракани

Разработан, согласован и утвержден генеральный план с. Аракани.

Автодорога «Зиранинский мост – с. Майданское» включена в перечень автомобильных дорог республиканского и межмуниципального значения РД.

На экспертизу направлен материал по капремонту зданий Зиранинской СОШ.

Идет корректировка проектно-сметной документации по завершению строительства Балаханской СОШ на 320 уч.мест

Образован земельный участок под обустройство парковой зоны в Балахани.

В с. Кахабросо построено новое футбольное поле

Завершается строительство Кахабросинской СОШ на 120 мест

Завершено строительство водопровода в с. Харачи.

Начато строительство обходной автодороги к селению Харачи.

Разработан дизайн-проект под обустройство парковой зоны в Ашильта

Разыгран конкурс и определен исполнитель работ по поставке и возведению модульной конструкции для детского сада на 300 мест в пос. Шамилькала

Помимо всех этих объектов, огромное количество работы проделано и по другим направлениям. И еще больше работ запланировано на новый, 2022 год.

Мы от всей души желаем Вам в Новом году только самых приятных, счастливых, радостных событий. Пусть в доме каждого из вас царят мир, гармония и любовь. С наступающим!

## Больше 30 тысяч обращений поступило в Центр управления регионом Дагестана в 2021 году

Порядка 5 тысяч обращений в декабре и больше 30 тысяч за 2021 год обработали сотрудники Центра управления регионом Дагестана, сообщает представитель Центр. По информации от специалистов Центра, чаще всего граждан волнуют: соцзащита, ЖКХ, состояние дорог и уборка придомовых территорий.«В этом месяце Центр управления регионом Республики Дагестан обработал 4694 обращений. Всего в 2021 году нами взято в работу 33138 сообщений от наших граждан. Основная часть вопросов касается ЖКХ, оказания государственной социальной помощи, состояния дорог и вывоза мусора», - сообщили в ЦУР Дагестана. Кроме того, в текущем году Центр управления регионом Дагестана провёл 14 социологических исследований, в которых приняли участие около 6000 респондентов. Конец формы

13 январь - День печати

# История праздника

Дата праздника День российской печати выбрана не случайно. В этот день в 1703 приступила к своей работе первая в России регулярная газета «Ведомости» со скромным на тот период тиражом в тысячу экземпляров. Редактором был сам Петр I. Параллельно по его указу открывались рестораны, в которых собирались люди для чтения газет. Им бесплатно предоставлялся чай и сладости. Это мероприятие император рассматривал как возможность в доступной форме рассказать о новых реформах и их необходимости для развития России.

Сначала типография была открыта только в Москве. Но вскоре издательство появилось и в Санкт-Петербурге. В разных городах существовало свое название: Московские, Российские ведомости и т.д. Питерская редакция была расположена в доме директора оружейной – Михаила Аврамова. Именно он пришел к выводу, что в газете должны отображаться не только политические доклады и сухие цифры. В ней необходимо освещать разные сферы жизни, интересные обширному кругу читателей. С разрешения императора и его доброй воли газетные издания получили новую жизнь.

Узнать больше

РЕКЛАМА

В 1870 году в качестве эксперимента появилась подписка, что очень понравилось читателям и уже к 1914 году существовало более 3000 изданий. Оформлялась она в почтовых отделениях.

В период Советского Союза все издательства принадлежали государству. Каждое из них проходило цензуру. Новые выпуски утверждались лишь после согласования с определенной комиссией.

Когда встал вопрос о необходимости выделить праздничный день, посвященный работникам печати, его датой изначально выбрали 5 мая – день открытия газеты «Правда». После распада СССР было решено вернуться к исторической дате – 13 января, которая празднуется по сей день.

Традиции

В День российской печати 2022 не обойтись без традиционных поздравлений руководителями издательств своих подчиненных, которые изо дня в день трудятся не только издавая печатные версии журналов и газет, но и развивая цифровые аналоги, которые в настоящее время уже превосходят печатную продукцию. По всей стране проводятся торжественные мероприятия, концерты, конференции и семинары с выступлениями спикеров и приглашенных гостей. Не лишним считается вручение тематических подарков и сувениров. Заслуженных работников награждают почетными грамотами. Чествуют ветеранов прессы, которые спешат поведать «рассказы с полей». Утверждается финансирование прогрессивных и креативных проектов, выдаются гранты, стипендии, премии.



Инсул хIакъалъулъ ракIалдещвей

# Дагъистаналда типографиял гIуцIаразул цояв

Доб заманалда газета гIемерго захIматго ва батIаго гъабулаан гъанжеселде дандеккун. Гъеб букIана редакциялъул бищунго захIматаб ва кIвар цIикIкIараб хIалтIи. Типографиялъул хIалтIуе лъикIго гьев ругьунлъараб мехалъ эмен витIула Хунзахъ редакциялде. Гьенив редакторлъун вукIана ЦIадаса ХIамзат. Инсул лъикIаб махщел букIана кучIдул гьаризеги ва хъвадаризеги. ХIамзатие цIакъго рекIее гIун бугоан цо магIлисес кIкIуядисесе базаралда бичараб хIамиде гьабураб кечI. Бичун анкь балелде магIлисес доб хIама бикъун буго. Хадусеб базаралда тIасаги чIурхIун, батIияб кьерги гьабун, бичулеб батун буго гьеб. Гьедин I937 соналде щвезегIан хIалтIун вуго эмен Хунзахъ районалъул редакциялъул типографиялда.

I937 соналда рагьун буго Болъихъ районалдаги редакция. Лъабго моцIалъ эмен витIун вуго обкомалъул отделалъ Болъихъе типография гIуцIизе. Гьебго соналъул декабралда эмен витIун вуго Унсоколо районалдеги. Гьел рукIун руго бищунго захIматал рагъда цересел сонал.

Унсоколо редакциялъул типографиялда хIалтIи букIана цIакъго захIматаб. Цо гьитIинаб рокъоб букIана хIарпал рищулеб бакI. Гьенибго букIана жиб-жиб тIухьидул хIарп жаниб лъолеб, гIисинал къотIелалги ругел кассаби. Гьел кассабазда нахъа рахъунги чIун, къоялъ цо-цо хIарпккун дандран гьабулаан рагIи. Хадуб гьелъул лъугьинабулаан мухъ, гьелъул гIолаан колонка. Щибаб материал бищулаан сардал-къоял ратIа гьаричIого. Къокъго абуни букIунароан хIалхьи гьабизе заман. ХIалтIул гIемерлъиялъ заман букIунароан гьанже гIадин къаде кваназегицин. Кодоб бугеб квенги кванан къасеги къадги гьабулаан хIалтIи. Газета бахъун къватIибе биччазегIан рекIее рахIат букIунароан ва хIалтIул къо лъугIулароан. КъваригIун рукIана хIалтIизе ругьун гьаризе хIалтIухъаби. Инсуца хIалтIизе ругьун гьаризе росун руго, редакторасдаги абун Унсоколоса МухIамад СагIадулаев, ГIашилтIаса Сулейман Шамилов, Унсоколоса Исмаг1илова Меседо, газета кьабизе станокалда ругьун гьавуна Унсоколоса ГъазимухIамадов ХIусен (ГIаштил).



Доб заманаялъ редакторлъун вукIун вуго ГьоцIалъа Гайдалов МухIамад.

Рагъул саназда Унсоколо райкомалъул секретарьлъун вукIана Даниялов ХIажагIали. Дир эменги гьевги рукIана гIолохъанаб заманаялдасаго гьудулзаби. Инсуца цIалун буго ликбез (гьебги 6 моцIалъ). Доб заманаялда гьев вукIана лъай бугев чи. Школа-интернаталде гьев восун гьечIо, мискинчиясул вас вугин. Гьенире цIализе рес щвана Даниялов ГIабдурахIманиеги гьесул вац ХIажагIалиеги, бесдалал рукIун.

Рагъул санал рукIун руго цIакъго захIматал.

Гьеб мехалъ вук1арав редактор Рихьуниса Шамилов АхIмадги рагъде ун, эмен хутIун вуго кинабго хIалтIиги т1аде ккун. Къасде гIенеккун рагъул сводкабазул баяназухъгин кинабго хъван босизеги кколеб букIун буго редакциялде. Радалго газетаги кьабун къватIибе кьезе кколеб букIун буго. ЛъикIго хIалтIиги лъалев, газета кьабулев чи (печатник) ГъазимухIамадов ХIу-сейн ун ватун вуго военкоматалде рагъде вит1е,-ян. Гьев гьечIого дица щиб гьабулебанги абун, нахъе вачун вуго инсуца гьев.

Столоваялда цо нухалъ кьолеб букIун буго гьазие сордо-къоялда жаниб квен, хIалтIул мухьги щолеб бук1ун гьечIо. Рагъда ругез рачIарал кагъталги инсуца цIалулел рукIун руго ва гьезухъе хъвалел рукIун руго. Цо унсоколосей ячIун йиго армиялда вугев росасухъе кагъат хъвай,-ян. Гьасда гьелъ хъвазабун буго: «лъабго къо буго хIама тIагIун, дие дур армиялъул щибго хIажалъи гьечIо, гьаб кагъат щварабго гIеведе вачIа!»,-ян. Рагъдаса вуссиндал гьес бадибчIван буго инсуда, долъни абилин дуца щай додин хъварабилан. Бокьун бугониги инсуе рагъде ине изну кьун гьечIо ХIажагIалица. Гьес инсуда абун буго «ГIолотIа кьот1е рагъ щвараб мехалъги нилъее изну гьечIо хIалтIи тезе»,- абун.

Инсул тIолабго гIумро бухьараб букIана Унсоколо районалда. Гьесулги дир эбел Генуса Паидатилги къисматги байбихьана редакциялдасан. Рагъда хадусел саназ (I949 соналъ) генал нарт босизе рачIине кколел рукIун руго Унсоколоре. Нарт кьолеб букIги редакцияги букIана аскIоб. ХIамаги бачун нарт босизе ячIарай Паидат хасало заманги букIун, нарт бичулев чиги вачIинчIого, квачанги букIун, редакциялде жание хинлъизе лъугьун йиго. Гьеб бакIалда гьей инсудаги йихьун йиго. Гьений йихьарай гIаданалде ригьинги битIун, инсуца эбел ячана. Гьедин дир эбел-инсул гIумро Унсоколоб ана. Дир инсуца Унсоколо бана 65 сон. Гьесие гьеб районалъул гIадамал кутакалда рокьулаан. Вукъунги гьев вуго Унсоколо росдал хабалалъ.

**Хадижат ХIАСАНОВА.**

# ГIолилазе - ЦIияб Соналъул насихIатал

ГIумро гьабе, гьеб дуй кьурабгIан мехалъ
Сваканищ? Ургъел тун хIалхьиги гьабе,
Гъоркье вортанищ, мун, къисматги бигъун,
Гьудулас квер кьеги, гьебги талихIин.

ГьечIого хутIарас гьари банани
Камун хутIиларо, гьарараб жо кье,
Къимат гьабичIебищ, дур ццим бахъунге
Дуе нуцIа къанищ, мун тIад вуссунге!

Мун кантIизавизе бокьун батани
ГIодовеги виччан гIин тIаме рагIухъ,
Мун гъоркье рехизе хивал гьабуни
ГIакълу цебе бачун, векизе чIоге!

Кинас бугониги гъоркье рехани
ТIаса лъугьун бецIе, гьудуласда гьеб,



Дуе ракI рагьани, дуцаги рагье
Амма рекIел тIину къватIибе кьоге!

Саназ санал сокIкIун лъугIула гIумро
Хадуб ракI бакъвазе, квешлъи гьабуге,
Даим дунялалда рукIунарелъул
РакIал гIадамазул сукIизаруге!

Ина дурги санал, цо-цоккун тIаса
Кида къадги ккела, гьаб малъиялде,
БацIад цIуне дуца намусги яхIги
Аллагьас цIунула рацIцIалъи ккурал.

**Саният КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.**

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 1. 12. 2022 г.
17.40
фактически -18. 40 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.